

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Kabudayaan miboga sipat anu dinamis. Tiap waktu, kabudayaan ngalaman parobahan. Parobahan éta aya nu jadi leuwih punjul batan saencanna, aya ogé anu ngalaman kamunduran (leuwih goréng batan saencanna). Pikeun mikanyaho posisi urang ngalaman kamajuan atawa kamunduran, tangtuna kudu diayakeun babandingan jeung mangsa nu leuwih ti heula.

Teu gampang néangan babandingan antara alam kiwari jeung alam bihari. Tapi lamun ditengetan, aya salah sahiji jalan pikeun ngabukbak kahéngkéran éta nya ku jalan naliti karya sastra. Karya sastra mémang mangrupa wangun fiksi (imajinéer). Tapi wangun jeung eusi sastra pasti kapangaruhan ku situasi jeung kondisi di mangsa harita. Jadi saeutik badagna, tina sastra urang bisa ngobét fénoména di mangsa bihari.

Salah sahiji hasil karya sastra anu umurna kawilang kolot nya éta carita pantun. Carita pantun mangrupa karya sastra lisan anu dipagelarkeun sapeuting jeput ku ki juru pantun. Carita pantun umumna nyaritakeun lalampahan anak raja Pajajaran anu ngumbara. Tina carita pantun bisa kagambar kaayaan mangsa Pajajaran. Ti mimiti ilustrasi latar, ilustrasi personal, ilustrasi watek, jsb. Dina carita pantun ogé ngagambarkeun karakteristik pamingpin mangsa harita, Kumaha babagian pancén gawé ménak-ménak Pajajaran, kumaha lajuna pamaréntahan mangsa harita.

Lamun nyaritakeun ngeunaan karakter kapamingpinan, tangtu waé sakabéh masarakat boga sawangan jeung harepan anu moal bisa dibéjérbéaskeun sakabéhna. Komo di alam ayeuna. Masarakat geus teu percaya ka pamingpinna. Hal ieu disababkeun calon pamingpin téh teu wanoh kana kritéria jeung cara mingpin nu dilaksanakeun ku luluhurna.

Ku kituna, dina ieu panalungtikan diguar perkara karakter kapamingpinan dina carita pantun anu bisa ngagambarkeun kaayaan pamingpin dina mangsa harita. Pikeun leuwih nyoko kana perkara kapamingpinan, carita nu dipaké objék panalungtikan téh nya éta carita pantun *Badak Pamalang* sabab dicaturkeun niat miangna palaku utama téh pikeun jadi pamingpin nu hadé.

Sabada diulik kalawan gemet tur dijujut sacara struktural nurutkeun Vladimir Propp, kapanggih 37 fungsi carita anu dibagi jadi 4 bagian nya éta: (1) Munding Sanggawati miang ti karajaan Pajajaran pikeun nguncang ngumbara, (2) Munding Sanggawati meunang ujian di pangumbaraan, (3) datangna nu tutulung nya éta Badak Pamalang, jeung (4) Munding Sanggawati jadi Raja di Nusa bali. Tina jujutan struktural di luhur, carita pantun *Badak Pamalang* dianalisis deui ku téori aktansial Greimas nu némbongkeun galur palaku utama dina lalampahanna. Disebutkeun yén anu ngagerakeun carita téh nya éta motivasi Munding Sanggawati pikeun jadi pamingpin, anu jadi méré tutulung dina ieu carita nya éta Ua Eudeum Jaya, Si Colat Emas, Badak Pamalang jeung Si Kentri Haji, sedengkeun nu ngahalangan Munding Sanggawati dina ngahontal udaganana nya éta Naga Bali, Munding Rarangin jeung Badak Rarangin.

Tina ulikan struktur éta, kapanggih indéks semiotik nurutkeun téori Pierce. Indéks ruangna ngawengku Pajajaran, Cirebon Girang jeung Nusa Bali, indéks témporalna na ngawengku poé jumaah tengah poé jeung indéks pesonalna ngawengku Munding Sanggawati, Badak Badak Pamalang, Gelap Nyawang jeung Kidang Pananjung.

Tina analisis struktural jeung semiotik katangén yén Munding Sanggawati miboga sikep pamingpin saperti asak pikir, kuat fisik, sadar tur tumarima kana kasalan nu geus dilakukeun sarta boga tékad kuat pikeun ngahontal udagan.

Salian ti kapanggih karakter nu kawengku dina diri Munding Sanggawati, carita pantun Badak Pamalang ogé negeskeun yén pamingpin di Sunda jaman harita geus ngagunakeun sistem demokratis. Sok sanajan raja boga kakuasaan nu gedé pikeun maréntah, tapi raja nyieun babagian pancén gawé pikeun jalma-jalma nu boga poténsi di widangna. Demokrasi mangsa ieu méré gambaran yén pagawéan nu dilakukeun babarengan luyu jeung tugasna bakal leuwih hadé hasilna.

5.2 Saran

Sabada nalungtik “Karakteristik Kapamingpinan dina Carita Pantun Badak Pamalang (Ulikan Struktural jeung Semiotik)”, panalungtik miharep ayana kamangpaatan tina ieu panalungtikan. Salian ti éta, panalungtik nyarankeun saperti di handap.

5.2.1 Pikeun Dunya Atikan

Tina hasil ieu panalungtikan, panalungtik miharep:

- a) hasil panalungtikan ieu bisa dijadikeun salah sahiji alternatif rujukan dina pangajaran kapamingpinan;
- b) pikeun juru atik, panalungtikan ieu bisa jadi cecekel pikeun maham cara masing-masing episode dina carita pantun;
- c) panalungtikan ieu bisa jadi conto pikeun maham carita pantun tur panglarapan ajén-inajénna kapamingpinan dina widang atikan.

5.2.2 Pikeun Masarakat Umum

Pikeun masarakat umum panalungtik miharep:

- a) ieu panalungtikan bisa jadi sumber pamahaman masarakat ngeunaan karakteristik kapamingpinan Sunda nu idéal tur masih bisa dilarapkeun di jaman kiwari;
- b) ieu panalungtikan bisa jadi référénsi pikeun panalungtik sastra lianna nu rék ngaguar masalah carita pantun boh strukturna, semiotikna, atawa ajén-inajénna;
- c) Aya panalungtikan lianna anu kataji kana carita pantun tur ngayakeun panalungtikan anu leuwih lega.